# ШИНА IИЙД-ДИЙНАХЬ ДЕШ ДОЛУ ЗИКР

Имам Нававий

«Ал-Азка́р»

Гочдина:
Адама Султана Олхазар

Хьуна хаийла, шина Іийд-дийнан ши буьйса лекха хинволу АллахІ хьахош, ламазаш деш, кхидолу Іибадаташ деш яккхар мелехь хилар. Цунах лаьцна деана ду хьадис: **«Шина Іийд-дийнан ши буьйса (Дала Іибадат дарца) сема яьккхинчуьнан дог лийр дац дегнаш лечу дийнахь».** Кхин а деана ду: **«АллахІа доьхьа, АллахІера мел хиларга догдохуш, шина Іийд-дийнан ши буьйса ламаз деш яьккхинчуьнан дог лийр дац дегнаш лечу дийнахь».** Иштта деана ду ШафиІийс а, Ибн Маджас а дийцинчу хьадисехь, ткъа и хьадис гІийла ду, Абу Ума́матехула Пайхамарера а – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – цуьнгара шегара а дийцина ду иза вай, ткъа и шиъ ший а гІийла ду, делахь Іамалийн дозалла дуьйцу хьадисаш иштачу меттехь къобал деш ду, вай хьалха жайна дІадолош билгалдаккхаре терра.

ТІаккха, Іелам-наха тайп-тайпана тидина, и буьйса сема яккхар буьйсанан мел хенахь сема Іийча кхочуш хуьлу. Цу юкъара къаьсташ дерг – дуккхах йолу буьйса Іибадат деш сема яьккхича бен кхочуш ца хилар ду; цхьана хена юкъахь иштта Іийча хуьлу аьлла а ду.

**Дакъа:** Шина Іийд-дийнан шина буьйсанна такбир дар мелехь ду. Марха дастаран Іийд-дийнан буьйсанна малх чубуьзчахьана дуьйна дІадолийна, Іийд-дийнахь имамо Іийд-ламаз дІадехккалц, ламазел тІаьхьа а, кхечу хьолашкахь а такбир дар мелехь ду. Такбир совдоккхур ду адамаш дукха гуллучу меттигашкахь, такбир дийр ду ирахь воьдуш волуш а, охьахиъна волуш а, дІатевжина волуш а, шен некъахь волуш а, маьждигехь волуш а, шен меттахь волуш а. Амма гІурбанан Іийд-дийнахь такбир дийр ду Іарафат-дийнахь Іуьйра-ламаз динчул тІаьхьа дуьйна, гІурбан-денна тІаьхьадогІучу кхаа дийнах тІаьххьарчу дийнахь малхбуза ламаз даллалц. Оцу малхбуза ламазл тІаьхьа а такбир а дина, тІаккха сацор ду цу дийнахь – иза ду уггар нийса дерг, лелош дерг, цу тІехь Іелам-нахана юкъахь евзаш йолу хилпало ю, вайн мазхІабехь а, кхечу Іелам-нахана юкъахь а, делахь а нийса дерг вай хьахийнарг ду, иштта и санна даьккина хьадисаш ду БайхІакъийн «Сунан» тІехь; ткъа ас иза дерриге – хьадисах дерг а, мазхІабаш дийцар а – билгалдина «Шархьул-МухІаззаб» тІехь, цигахь ас хьахийна цу хаттарх дозуш долу массо кхидолу хаттарш, ткъа кхузахь ас хьахош дерш даццдина хаттарш ду.

Вайн (мазхІабан) Іелам-наха аьлла: такбиран дешнаш иштта алар ду: *«Алло́хІу акбар, Алло́хІу акбар, Алло́хІу акбар»*[1] - иштта кхозза тІаьхьий-хьалхий такбир дар. Иза шен лааме хьаьжжина юх-юха эр ду. ШафиІийс а, Іелам-наха а аьлла: нагахь санна цул совдаькккхина, иштта аьлча а дика хир ду: *«Алло́хІу акбар каби́ро́, валхьамдулилла́хІи каси́ро́, ва субхьа́налло́хІи букратан ва аси́ла́, ла́ила́хІа иллалло́хІу ва ла́ наІбуду илла́ иййа́хІ, мухлиси́на лахІудди́на ва лав карихІал ка́фиру́н. Ла́ила́хІа иллалло́хІу вахьдахІ, садакъа ваІдахІ, ва насара ІабдахІ, ва хІазамал-ахьза́ба вахьдахІ, ла́ила́хІа иллалло́хІу валло́хІу акбар».*[2]

---

[1] «АллахІ массо хІуманал воккха ву! АллахІ массо хІуманал воккха ву! АллахІ массо хІуманал воккха ву!».

[2] «АллахІ массо хІуманал воккхахиларца воккха ву, АллахІана дукха хастам а бу, АллахІ Іуьйренца а, суьйренца а Сийлахь ЦІена а ву, АллахІ воцург кхин Дела вац, Цунна цхьанна бен вай Іибадат деш а дац, цІенчу даггара, Цуьнан доьхьа, керста нахана иза цадезахь а. Цхьа АллахІ воцург кхин Дела вац, Шен ваІд кхочуш йина Цо, Шен лайна гІо а дина Цо, Ша цхьамма тобанаш эша а йина Цо, АллахІ воцург кхин Дела вац, АллахІ массо хІуманал воккха ву!».

Вайн (мазхIабан) Iелам-нахах цхьаболчара аьлла: Наха олуш долу хIара аьлча а хIумма а дац: *«Аллóхlу акбар, Аллóхlу акбар, Аллóхlу акбар, лáилáхlа иллаллóхlу валлóхlу акбар, Аллóхlу акбар ва лиллáхlил-хьамд».*[3]

**Дакъа:** Хьуна хаийла, такбир дар шина Iийд-дийнахь дечу хIора ламазал тIаьхьа дан мегаш хилар, парз делахь а, суннат делахь а, йа докъа-ламаз делахь а, парз ламаз шен хенахь деш делахь а, доькхуш деш делахь а, чIагIонна деш делахь а. ХIокху юкъара цхьадолчунна тIехь хилпало ю, хIара иза юьйцу меттиг яц, ткъа цу юкъара нийсаниг ас дийцинарг ду, цу тIехь фатва луш а ду, цуьнца Iамал еш а ю. Ткъа нагахь санна ламазехь хьалхаваьллачу имамо, тIаьхьахIоьттинчунна дан ца деза аьлла хетачу меттехь такбир дахь – масала имамана Iарафат-дийнахь такбир дан деза аьлла хеташ делахь, йа Iийд-дийнал тIаьхьа долчу кхаа дийнахь, тIаьхьахIоьттинчунна иза иштта дан ца деза аьлла хеташ а долуш, йа цу шиннахь цхьаъ вукхуьнан метта хилча – имамана тIаьхьаваза веза иза, йа ша тешаш верг дан деза цо? Цу тIехь ши агIо ю вайн мазхIабера Iелам-нехан, цаьршиннах уггар нийсаниг – ша тешаш верг дан деза цо, хIунда аьлча имамо салам даларца чекхдолу иза имамана тIаьхьаваза везар. Делахь а, нагахь санна Iийд-ламаз дечу хенахь имамо тIаьхьахIоьттинчунна дан деза аьлла хетачул совнаха такбир дахь, тIаьхьахIоьттинчо цуьнца цхьаьне такбир дан деза, шена и дан деза аьлла ца хетахь а, хIунда аьлча иза имамана тIаьхьаваза везаш ву.

**Дакъа:** Iийд-ламаз деш суннат ду «Фатихьат» дешале хьалха совнаха такбир дар. Иштта, хьалхара ракаIатехь ламаз дIадехкаран такбир доцург кхин а ворхI такбир дийр ду, шолгIачу ракаIатехь сужудера хьалагIоттуш деш долу такбир доцург пхи такбир дийр ду. Хьалхара ракаIатехь деш долу такбир ламаз дIадолоран доIа динчул тIаьхьа а, «АIýзу биллáхIи минашшайтIóнирроджúм» алале хьалха а дийр ду, шолгIа ракаIатехь деш дерг «АIýзу биллáхIи минашшайтIóнирроджúм» алале хьалха дийр ду. ХIора шина такбир юкъахь хIара дешнаш алар мелехь ду: *«Субхьáналлóхlи валхьамдулиллáхlи валáилáхlа иллаллóхlу валлóхlу акбар»*[4] - иштта аьлла дукхах болчу вайн мазхIабан Iелам-наха. Цхьаболчара иштта эр ду а аьлла: *«Лáилáхlа иллаллóхlу вахьдахlý лá шарúка лахl, лахlул-мулку ва лахlул-хьамд, бийадихlил-хойру ва хlува Iалá кулли шайъин къодúр».*[5] Абу Наср ибн Ас-СоббáгIа а, вайн мазхIабан кхечу Iелам-наха а аьлла, наха олуш долу хIара дешнаш аьлча а дика хир ду аьлла: *«Аллóхlу акбар кабúрó, валхьамдулиллáхlи касúрó, ва субхьáналлóхlи букратан ва асúлá».*[6] Ткъа хIара ша-дерг шена луург ала йиш йолуш паргIат ду, цхьаъ ала деза аьлла тIедоьжна дац, муххале а хIара дерриге зикр ца деш Iаддитахь а, ворхI а, пхиъ а такбир ца деш Iаддитахь а ламаз нийса хуьлу, вицваларан сужуд дан а ца деза, делахь дезаниг ца деш дуьссу. «Фатихьат» деша волаваллалц такбир дар дага ца дагIахь, и такбираш юха дан ца деза – и ду нийса дерг Iелам-наха аьллачух; ШафиIийс аьлла цхьа заьIап дош а ду, уьш юха дан деза аьлла.

---

[3] «АллахI массо хIуманал воккха ву! АллахI массо хIуманал воккха ву! АллахI массо хIуманал воккха ву! АллахI воцург кхин Дела вац, АллахI массо хIуманал воккха ву. АллахI массо хIуманал воккха а ву, АллахIана хастам а бу».

[4] «Сийлахь-цIена ву АллахI, хастам а бу АллахIана, АллахI воцург кхин Дела а вац, Воккха а ву АллахI массо хIуманал».

[5] «АллахI воцург кхин Дела вац, ша цхьаъ ву Иза, Цуьнца накъост а вац, паччахьалла а Цуьнан ду, хастам а Цунна бу, Цуьнан керахь ду ша-долу дика, массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш а ву Иза».

[6] «АллахI массо хIуманал воккхахиларца воккха ву, АллахIана дукха хастам а бу, АллахI Iуьйренца а, суьйренца а Сийлахь ЦIена а ву».

Амма Iийд-ламазехь деш долчу шина хутIбехь суннат ду хьалхара хутIба дIадолош исс такбир дар, шолгIаниг долош ворхI такбир дар.

Амма Iийд-ламазехь Къуръан дешарх лаьцна вай билгалдира «Ламазийн зикран куц» цIе йолчу дакъана юкъахь. Иза дара, хьалхарчу ракаIатехь «Фатихьатал» тIаьхьа «Къаф» сурат дешар, шолгIачу ракаIатехь «Икътарабатис-са́Iату» дешар, йа шена лаахь хьалхрачу ракаIатехь «Саббихьисма роббикал-аIла» дешар, шолгIачу ракаIатехь «ХIал ата́ка хьаду́сул-гIо́шийахI» дешар.